QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nukus shahri, 230100, A.Dosnazarov k. 62

No'kis qalası, 230100, A.Dosnazarov k. 62

Tel: (0-361) 2222437, 2229830: www.kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

26 - апрель 2021-jıl/yil. № 01-02/1-2161

**Нөкис районлық 29-санлы мектеп жәмәәти ҳәм «Қырантаў» аўылы пуқаралары** *(Қ.Айтмуратова, Б.Даўжанова, Г.Бегжанова, Т.Даўекеева Р.Аккаев, Т.Алламуратова ҳәм т.б.)* **на**

Нөкис районлық 29-санлы мектеп жәмәәти ҳәм «Қырантаў» аўылының бир топар пуқаралары атынан усы жылдың 12-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри атына «Нөкис районлық 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары А.Отегенованың ис-ҳәрекетлерине наразылығы бойынша» жазған арзасы Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен белгиленген тәртипте үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди.

Пуқаралардың арзасы тийкарында усы жылдың 14-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 95-санлы буйруғы қабыл етилип, 15-апрель күни исши топар тәрепинен мүрәжат ийелериниң қатнасында үйрениў жумыслары алып барылды.

Үйрениў жуўмақлары бойынша исши топар тәрепинен белгиленген тәртипте мағлыўматнама таярланған. Мектеп басшылары өзлериниң унамсыз ис-ҳәрекетлери менен, яғный өз-ара қарама-қарсылығы себепли мектеп жәмәәтинде аўызбиршиликтиң жоғалыўына себепши болған.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 8-апрельдеги 127-санлы буйрығының 2-қосымшасы менен тастыйықланған дизимге муўапық улыўма орта билим бериў мектеби директоры районлық халық билимлендириў бөлими номенклатурасына киретуғынлығын есапқа алған ҳалда, үйрениў жуўмақлары тийкарында районлық 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў-тәрбия ислери бойынша орынбасары А.Отегенованы ҳәрекеттеги мийнет нызамшылығына муўапық өзиниң ийелеп турған лаўазымына тең басқа жумысқа өткериў яки өзиниң ийелеп турған лаўазымында қалдырыў мәселесин ўәкиллиги шеңберинде белгиленген тәртипте қарап шығыў бойынша Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимине усы жылдың 22-апрель күни министрликтиң 01-02/1-2077-санлы хаты берилип, өз нәўбетинде халық билимлендириў бөлиминен усы жылдың 26-апрель күни 01-03-508-санлы хат пенен жуўап алынды.

Жуўап хатта көрсетилиўинше, усы жылдың 24-апрель күни районлық 29-санлы улыўма орта билим бериў мектеби жәмәәтиниң улыўма жыйналысы өткерилип, мәжилисте мектептеги өз-ара қарама-қарсылықлар, аўызбиршилики түрде жумыс ислеў, нәтийжеде оқыўшылардың сапалы билим алыўына ерисиў мәселелери қаралып өтилген. Жыйналыс барысында оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары А.Отегенова өзиниң ис-ҳәрекетлери бойынша мектеп жәмәәтинен кеширим сорап, алдағы ўақытларда мектеп жәмәәти менен аўызбиршиликли түрде жумыс алып баратуғынын айтып өткен. Өз гезегинде мектеп директоры С.Даулетназарова мектепте алдағы ўақытларда тынышлық болыўына ўәде берген. Жыйналыс соңында мектеп жәмәәти оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары А.Отегеноваға кеширим берип, мектеп муғаллимлери Т.Даўекеева, К.Айтмуратова, Б.Даўжанова, Г.Бегжановалар өзлериниң түсиник хатларын жазып берген.

Пуқараларға мүрәжатти көрип шығыў нәтийжесинен наразы болса, жоқары турыўшы уйымларға шағым етиўге ҳуқықы бар екенлиги түсиндириледи.

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: 612222465

NO'KİS RAYONI
XALIQ BİLİMLENDİRİW BO'LİMİ

tel; (8-361) 424-44-58
faks-modem 424-45-93
http://www.akmangit.uz

NUKUS TUMANI
XALQ TA'LIMI BO'LIMI

tel; (8-361) 424-44-58
faks-modem 424-45-93
http://www.akmangit.uz

230900 Aqmang'ıt awılı, O'zbekstan ko'shesi nomersiz jay.

№01-03-508 «26» -апрель 2021-жыл.

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри Р.Реймовқа**

Нөкис районы халық билимлендириў бөлими Сизиң 2021-жыл 22-апрельдеги 01-02/1-2077-санлы хатыңызға тийкар төмендегилерди мәлим етип билдиреди:

Нөкис районы халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектеп оқытыўшылары хәм Нөкис районы "Ақтерек" МПЖ аймағындағы Қрантаў аўыл турғынларының усы жылдың 12-апрел күни Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине еткен мүрәжати бойынша 2021-жыл 24-апрель күни Нөкис районы 29-санлы мектепте жыйналыс өткерилди. Жыйналыста мектепте педагогикалық жәмаатте өз-ара қарама-қарсылығы себепли мектеп жәмәәтинде аўызбиршиликтиң жоғалыўына себепши болатуғынлығы, бул өз гезегинде мектеп оқыўшыларының тәлим тәрбия алыўына кери тәсирин көрсететуғынлығы айтып өтилди.

Жыйналыста мектеп директорының оқыў ислери бойынша директор орынбасары А.Отегенова ис-ҳәрекетлери бойынша мектеп жәмаатинен кеширим сорап келешекте мектеп жәмаати менен аўызбиршиликли түрде жумыс алып баратуғынлығын айтып өтти. Өз гезегинде мектеп директоры С.Даулетназарова мектепте тынышлық болыўына ўәде берди.

Мектеп педагоглары да мектеп директорының оқыў ислери бойынша орынбасары А.Отегеноваға кеширим бергенлигин билдирип өтти.

Мектеп директоры С.Даулетназарова, оқыў ислери бойынша директор орынбасары А.Отегенова ҳәмде мектеп педагогларының түсиник хатлары қосымша етиледи.

Қосымша ___беттен ибарат.

**Нөкис районы халық билимлендириў бөлими баслығы ў.ў.а:** **Ш.Балтабаев**

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

8246 son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma 3/п qabul qilishda
(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga [illegible]

Kimga [illegible]

Og`irlik 10 g.

Jo`natish uchun to`lov 3800 so`m 2 tiyin

Qabul qildi [illegible]
(imzo)

---

O`zbekiston Respublikasining «Pochta aloqasi to`g`risida»gi Qonuniga muvofiq pochta aloqasi obyektlari berilgan kundan boshlab 6 oy davomida qabul qilingan pochta jo`natmalari uchun javob beradilar

O'ZBEKISTON * RESP. ... 27 04 21

(berilgan joy taqvim shtempli izi)

Нөкис қаласы
ХББ басшысы
У.У.Ә. Ш. Балтабаевқа
29-санлы мектеп
директоры
С. Дәўлетназаровадан

# Түсиник хат

Усы түсиник хатым арқалы Сизге мынаны етип билдиремен. Мектеп жәмәәтинде болып атырған А. Өтегенованың жәмәәт арасында жоқары мәнмәнликлери, арзалар жазыўы жаңа дәжетлер жазып һәр жерге мүрәжатлар етиўин тоқтатыў бойынша һәм елдиги жағында оқыўшылардың билим сапасын көтериўде, жумысларды кешик етпеди бойынша жыйналыс өткерилди. Бундай хәрекетлер болмаўы ушын һәр бир мектеп хызметкерлери өз жумысларын мәсели А. Өтегенованың арзалар жазыўын тоқтатыўы айтылып, мектепте тәртиплилик болыўына үнде беремен.

Мектеп директоры: [signature] С. Дәўлетназарова.
24.04.2021-жыл.

# Түсиник хат!

Беремен усы түсиник хатты 29-санлы
мектептиң оқыў ислери бойынша директор орынбасары
А. Өтегенова мектептиң коллективи менен жарасып
аўызбиршиликли түрде жумыс алып барып атырмыз.
Хәзирде ҳаммеси жақсы. деп түсиник хат бериўши

А. Өтегенова [signature] 24.04.2021.

Нөкис районының
халық билимлендириў
бөлими баслығы
ОУА баслығы
Ш. Балтабаевқа
29-мектептиң муғаллими
Г. Бегжанова.

# Түсиник хат.

Усы түсиник хат арқалы
сизге мәлим етип билдиремен себеби
А. Өтеуназарованың 2019 жылдан
бери ислеген не қәрежетлери
ушын мектеп жамаатынан
кеширим сорады. Жас үлкенлерди
өз ақылларын айтып ендиги
жумысында бундай ислерди ислемеўге
ақыллар берилди. Ол өз сөзинде
енди бундай ислер ислемейтин
ден кеширим сорады. Бизлерде
кеширим бердик.

Түсиник хат иеси. Г. Бегжанова

24. 04 2021 жыл.

Нөкис районлық халық
билимлендириў бөлими
басшысы Ш. Ш. А. ж
Балтабаевқа мен
29-санлы мектептиң
Баслаўыш класс
муғаллими Даўжанова
дан

# Түсиник хат.

Усы түсиник хатым арқалы сизге мынаны етип билдиремен. Себеби Ақсынгул Өтегеновананың 2019-жылдан берли нәтийжели ислеп муғаллимлерге исленеген қопал ҳәрекетлери ушын мектеп жәмәәтинен ҳәм мектеп директорынан ислеген ҳәрекетлери ушын кеширим сорады. Соның ушын мектеп муғаллимлери А. Өтегеновага кеширим берип нәтийжеде бурынғыдай етип ислеўге үзде берди. Ҳәм кеширим берилди. Түсиник хат иеси Даўжанова Бибинұсан.

24.04.2021 жыл.

Nókis rayonı xalıq
bilimlendiriw bólimi baslıǵı
W.W.A. Sh. Baltabaevǵa
29-sanlı ulıwma orta
bilim beriw mektebiniń
muǵallimi Aytmuratova
Qámajaydan

Túsinik xatı.

Usı túsinik xatım arqalı sizge málim etip bildiremen, sebebi Aysungúl Ótegenovanıń 2019-jıldan beri bizlerge islegen qopal háreketine ózi mektep direktorınan hám mektep jamaatınan keshirim soradı. Endigiden bılay bunday is háreketti islemeymen, jası úlkenlerdi sıylayman dep kópshiliktiń aldında sóz berdi. Ózimde qattı uyaldım dep bizlerden qayta qayta keshirim soradı.

Aytmuratova Q [signature]

24.04.21j.

Нөкис районлық халық
билимлендириў бөлими
баслығы О.У.А. Ш. Балтабаевқа
29-санлы мектеп муғаллими
Дәўекеева Тамарадан

# Түсиник хат.

Усы түсиник хатым арқалы сизге мынаны етип билдиремен, себеби А. Өтегенованың 2019-жылдан берли ислеген ис әрекетлери ушын мектеп жәмәәтинен кеширим сорады. Жас үлкенлер өз ақылларын айтып ендиги жағында бундай ислерди ислемеўге ақылар берди. Ол өз сөзинде енди бундай ислер ислемеймен деп кеширим сорады.

Түсиник хат иеси Дәўекеева. Т. [signature]
24.04 2021-жыл

**Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектеп оқытыўшылары ҳәм де Нөкис районы «Ақтерек» МПЖ на қараслы Кырантаў аўыл турғынлары тәрепинен Каракалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жоллаған мүрәжати бойынша исленген жумыслар ҳаққында**

МАҒЛЫЎМАТ

15-апрель 2021-жыл Нөкис районы

Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектеп оқытыўшылары ҳәм де Нөкис районы «Ақтерек» МПЖ на қараслы Кырантаў аўыл турғынларының мүрәжаттин үйрениў бойынша Каракалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 14-апрель сәнесиндеги 95-санлы буйрығы менен тәрепинен исши топар қурамы дүзилген.

2021-жыл 15-апрель сәнесинде исши топар тәрепинен Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебине барып, мүрәжат ийелери менен арзада келтирилген мәселелер бойынша сөйлесиў жумыслары алып барылды ҳәм олардың өзлеринен арзада келтирилген мәселелер бойынша түсиник хатлары алынғанда төмендегилер анықланды:

Мектеп **оқытыўшысы К.Айтмуратова** өз түсиник хатында «2019-жыл мектепке А.Утегенова оқыў ислери бойынша директор орынбасары болып жумысқа келди. Мектепке келгеннен ол кийиниў мәдениятына сай кийинбеди, келте юбка кийеди, коридорда бақырып жүреди, оның қолынан телефоны түспейди. Мениң 2019-жыл ноябрь айында Республкасылық педагогикалық қәнийгелигин қайта таярлаў оқыған сертификатымды жойытып алды. Меннен басқа биология пәни оқытыўшысы Г.Ешшанованың сертификатын жойытты. Өз исине итибарсызлық пенен қарайды. Көп сорап, таўып берд ей бергеннен соң 2020-жылдың жазында маған сертификаттың дубликатын әкелип берди. 2020-жылдың ноябрь айында жыйналыс тамам болған соң ол маған өзинше ертең пенсияға шығасаң, артыңа тебемен деп аўыр сөз айтты. Усы айтқаны маған қатты тәсир етти. Кан басымым көтерилип, бир-еки күнге шекем өзиме келе алмай жүрдим. Сонша халқымның ул қызларын тәрбияласам, оқытсам, билим берсем мениң ҳүрметим усыма? Деген ойға келдим. А.Утегенованың жасы мениң баламнан еки жас ғана улкен. Ол өзиниң ҳәрекетин билип кеширим сораўды да билмейди. 7-апрель күни аўыл С.Сапарниязова келип, деректорға келип Ақсүнгилге «жеңил тәбиятлы» деп айтқансыз деди. Ол пукараға ондай гәпти айтпадым, Ақсүнгил менен жүзлестир деп айттым. Олда маған тәсир етти. Енди ҳәр би радам, ҳәр затты айтып келип турса, адамға тәсир етеди. Аўыл аралас турған халықпыз. Бизге тынышлық керек»;

**Оқытыўшы Ж.Даўекеева,** өз түсиник хатында «оқыў ислери бойынша директор орынбасары А.Өтегенованың кийиниў мәденияты ҳәм муғаллимлер менен сөйлесиўлери маған унамайды. А.Өтегенова сабақтың ўақтында телефонда коридорда жүрип жоқары даўыста сөйлесип оқыўшылардың дыққатын тартады. А.Өтегенованы басқа мектепке көшириўиңизди соранаман»;

**Оқытыўшы Б.Даўжанова** өз түсиник хатында «А.Өтегенова 2019-жылда усы мектепке оқыў ислери бойынша директор орынбасары болып жумысқа келгеннен бери тынышымыз кети. Күнде комиссия деп келип, өз түсиник хатларымызды бердик. Бул қыздың адамға болған қарым-қатнасы төмен, жасы үлкенлерди сыйлап билмейди. Бәркулла телефоннан сөйлесип жүреди. Ҳәттеки коридорда қышқырып бақырып сөйлеседи. Аўыл пуқаралары менен мектеп муғаллимлерин урыстырғанның гүўасы болдым. Жәмәтимиздиң аўызбиршилигин қашырды. Жасы үлкен ҳәм кишилер менен сөйлесиў мәдениятын билмейди. Кийиниў мәденияты бизиң аўылымызға туўры келмейди. Мектептиң тынышлығын сақлап бериў ушын жоқарыға мүрәжат етип бардым. Соның ушын усы мектепке емес, басқа мектепке өзгертиўди өтиниш етемен. А.Өтегеноватегенованың

К.Айтмураова менен Г.Бегжановаларға «май айында изиңе тебемен»деп айтқанларын еситтим»;

**Оқытыўшы Г.Бегжанова** өз түсиник хатында «А.Өтегенова жумысқа келгели кийиниў, сөйлеў мәдениятының жоқ екенлигин билдим. Себеби, бир мәрте келте қызыл юбка кийип келди. Ремонт ўақтында келте көйлек кийип келди. Сол ўақытта мениң өзимде бир түрли болып қалдым. А.Өтегенова мениң өзимеде Т.Даўекееваның көзинше апа сизди май айында изиңе теўип жиберемен деди. Өткен оқыў жылында маған бекитилген 11-класс оқыўышлары Темирбаева, Кудайназарова ҳәм А.Төрақметовалардан тест сораўлары ушын деп ҳәр биринен 15.000 (он бес мың) сумнан ақша жыйнап алып, тест сораўларын әкелип бермеген. Буннан соң усы оқыўшылардың ата-аналары январь-февраль айларында келип, берген ақшаларын қайтарып алған. Мектепте телефоннан көп сөйлеседи»;

**Оқытыўшы Р.Пурханов** өз түсиник хатында «А.Өтегенова жумысқа келген күннен баслап муғаллимлер менен қопал қатнаста екенин сездим. Себеби, оқыўшылардың көзинше муғаллимлерге бақырып сөйлейди. Атап айтқанда, «аўзыңыздан қан шыққанша сөйлейсиз», «жумыста ығып жүрсиз» ҳәм т.б мәдениятсыз сөзлерди пайдаланып сөйлейтуғын еди»;

**Оқытыўшы Н.Айтекеева** өз түсиник хатында «А.Отегенова мектепке келгели, кийиниў мәденияты төмен екенлиги менен көзге тасланды. Мектеп формасына сай болмаған келте, той бәзимлерге кийетуғын көйлекте тез-тезден келеди. Педагогикалық кеңесте муғаллимлерге қарата «ығып жүресиз» деп айтты, оған муғаллим Р.Пурханов ондай гәпти оқыў орнында айтыўға болмайды деп айтты»;

**Оқытыўшы А.Жиемуратова** өз түсиник хатында «2010-жылдан берли мектепте инглис тили муғаллими болып ислеп келмектемен. 2017-жылдан баслап мектепте ҳаял-қызлар шөлкеми баслығыман. А.Өтегенова жумысқа келгели кийиниў, сойлеў мәдениятына қарамайды. Келте, тар юбка менен келеди, бийик өкше кийип келеди, тырнағын өсирип жүреди. Коридорда телефонда жоқары даўыста сөйлеседи, педагогқа сай емес. Жумысқа келгели өзин жақсы тәрептен көрсетпеди. Оның ҳәрекетлери бойынша ата-аналарда мектепке келип, қарамайсызларма, перзентлеримизди қалай өрнек алады деп айтып кетти. Ҳаял-қызлар шөлкеми баслығы ретинде А. Отегенованың өзине бир неше мәртебе айттым, мәжилисте де айтылды. А.Отегенова мектепте телефонын записке қосып, видеоға түсирип жүреди, өз жумысы менен шуғылланбайды, қашан пайдалы жумыс ислейди. Оның қайта жумыс ислеўине қарсымыз. А.Отегенова сөзлериниң арасында министрликте әжағам бар, министрликтиң жолламасы менен келгенмен деп министрликтиң атына дақ түсирип келмекте. Егер иләжы болса А.Отегенованы басқа жумыс орнына өзгертип бериўиңизди илтимас еткен болар едим» деп өзлериниң пикирлерин көрсеткен.

Сондай-ақ, мүрәжатта атлары көрсетип өтилген пуқаралар менен сәўбетлесиў алып барылғанда:

Пуқара Абдиров Илхамбек (аўыл турғыны, бийи) өзиниң түсиник хатында «Өтегенова Ақсунгулге жеке адаўатым жоқ, бул қыз ебепли мектепте аўызбиршилик жоқ»;

Пуқара Аккаев Рустем (аўыл турғыны, көше бийи) өз түсиник хатында «мектепте тынышлық болыўын қәлеймен, өзи кишкене ғана аўыл, бир сөз айтсаң арғы шетине жетеди. Тынышлықты сақлаўын сорайман»;

Пуқара Сапарниязова Света (аўыл турғыны) «Ақсунгул Отегенова маған пахта атызына келип, именно сиз бенен танысыў ушын келдим деди, кейин мен неге деп сорадым. Себеби, сизди мектепте Айнахан, Сабырхан, Қамажай муғаллимлер сизди «жеңил тәбиятлы» деп атыр деп айтты. Ҳақыйқатында да, Ақсунгул Отегенова пахта атызына келип, спиртли ишимлик ишти, оннан соң өз жумыс орнында бир ҳәптеге шекем келмеген. Базы бир муғаллимлердиң документлерин жойтып алған. Егер де ол ҳақыйқаттан да тәрбия завучы болса усы ҳәрекетлерди ислей ме? Мен ата-ана болсам мени мектепке шақырып мениң менен сәўбетлеспей ме?»;

Пуқара Алламуратова Тиллахан (аўыл турғыны) өзиниң түсиник хатында «Бир неше жыллардан берли усы аўылда жасайман. Аймақта жайласқан 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебине 2019-жыл басларында, анық ўақты есимде жоқ, усы мектепке Нөкис қаласында жасаўшы Ақсунгул деген директор орынбасары келди. Усы 29-санлы мектепте

мениң ақлықларым оқып тәлим алып келмекте. Аўыл адамлары усы Ақсунгул деген директор орынбасарының спиртли ишимлик ишетуғынын айтып жүрди. Мектепте ислеўши аўылласымнан еситиўимше Ақсунгул менен мектеп директоры С.Даулетназарованың қарым-қатнасы жақсы емес екен. Ақсунгул мектепке сырттан тексериўшилерди көп шақырта берип, мектепте директор ҳәм басқа да ислеўши оқытыўшылар арасында көп ғана наразылықлар келтирип атырғанлығын еситтим. Ақсунгулдиң мектепке буннан алдын бир неше мәртебе келте, яғный дизеден жоқары болған юбкада келип жүргенлигин сыртынан көргенмен. А.Утегенованың мектепте бир неше мәрте мектепте ислеўши хызметкерлер менен жоқары даўыста бақырысып-урысқанлығын мектепте ислеўшилерден еситтим. Бирақ, жеке өзим ондай ҳәрекеттиң гүўасы болмадым. Усындай ҳәрекетлерин бир неше мәрте еситкенимнен соң аўыл адамлары менен биргеликте Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине 2021-жыл 12-апрель сәнесинде жазба мүрәжат етиўге мәжбүр болдық. А.Отегенованың жоқарыда айтып өткен ҳәрекетлери бизиң жасап атырған аўыл турғынларына, аўылдағы үрп-әдетке, адамгершиликке, өсип киятырған жас әўладтың ертеңги келешегине де, руўҳиятына да туўры келмейди деп есаплайман»;

Пуқара Нажматдинова Мийўагул (аўыл турғыны) өзиниң түсиник хатында «Ақсунгул муғаллим туўралы көп мыш-мышларды еситип атырмыз. Бул муғаллим 2019-жылы мектепке келгеннен бери жәмийетлик орында аўызбиршиликтиң кетиўи, күнде комиссия әкелип тексертиў болғанлығын еситип атырмыз, бурын бизиң мектепте бундай ўақыя болған жоқ еди. Ҳәзирги ўақытта биз ата-аналар муғаллимлерден тек тәлим-тәрбия, билим, балаларымыздың жақсы оқып, жоқары оқыў орнына кириўине муғаллим жуўапкер. Соның ушын директор менен завучтың арасындағы аўызбиршилик жақсы болса жумыс та жақсы болады. Биз ата-аналар атынан өтинип сорайман, бул ўақыяның басқа нәрсеге әкелиўин ҳәм буның алдын алыўын соранамыз. Бул муғаллимди басқа жерге өткериў жолы болса ямаса жарасыў жолын көриў керек» деп өз көрсетпелерин берди.

Пуқаралардың мүрәжатын үйрениў барысында «Ақтерек» мәкан пуқаралар жыйынының ҳаял-қызлар мәселелери бойынша орынбасары Роза Есенбаева менен аймағындағы 29-санлы мектепте болып атырған жағдайлар бойынша пикирин тыңлағанымызда –«мен 29-санлы мектеп муғаллими А.Отегенова бойынша пикирим – бул қыздың жүрис-турысындағы келте кийим кийгенин, тырнақларын бояп өсирип жүргенин көрдим. Бирақ басқа айтылған гәплер бойынша өз көзим менен көрмедим, тек еситтим. Солай болса да Қырантаў аўылы пуқараларынан жазба түрде 2021-жыл 31-март күни А.Отегенованы устазлыққа мүнәсип емес, тәлим-тәрбиясы туўры келмейди деп арза мүрәжат келип түсти. Бирақ мүрәжат еле додаланған жоқ еди. 2020-жылы мектеп директоры Сабырхан Ақсунгулдиң минезинен, жүрис-турыс мәденияты ҳаққында айтқан еди. Солай болса да өзлериңиз түсиндириң, ақыл-нәсият бериң, үйренип кетер деп мәслəҳәтлескен едик. Мениң тек еситкеним сол - бул қыз туўралы» деп өзиниң пикирин билдирди.

Пуқаралардың арзасы тийкарында мектепте муғаллимлер жәмәəти ҳәм ата-аналар менен сөйлесиўлер барысында ҳақыйқатында да мектеп директорының оқыў тәрбия ислери бойынша орынбасары А.Отегенованың ис-ҳәрекетлерине муғаллимлердиң қарсы екенлиги, ал ата-аналар болса мектептеги бундай кеўилсиз жағдайдың келип шығыўынан наразы екенлиги, нәтийжеде мектепте перзентлериниң тәлим алыў барысына кери тәсир етип атырғанлығын билдирди. Мектепте үйрениў барысында педагоглар жәмәəти бир тәреп, ал директоры орынбасары А.Отегенова бир тәреп екенлиги байқалды. Мектеп басшылары өзлериниң унамсыз ис-ҳәрекетлери менен яғный өз-ара қарама-қарсылығы себепли мектеп жәмәəтинде аўызбиршиликтиң жоғалыўына себепши болған.

Пуқаралардың мектеп директорының орынбасары А.Отегенованың ис-ҳәрекетлери бойынша еткен мүрәжаты бойынша директор орынбасары А.Отегенованың пикирин тыңлағанымызда –«мен, Отегенова Ақсунгул Даўлетбаевна, 2019-жыл 6-февраль сәнесинен баслап Нөкис районы халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебине оқыў ислери бойынша директор орынбасары лаўазымына келдим. Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министрлигине 2021-жыл 12-апрель сәнесинде мектептиң айырым хызметкерлери ҳәм аўыл турғынлары тәрепинен жазылған

мүрәжат пенен толық танысып шықтым. Сол мүрәжат мектеп директоры тәрепинен уйымластырылғанлығы көринип тур. Мен ондай ҳеш қашан ис-ҳәрекетлер яки аўыр сөзлер айтпағанман. Мүрәжатты мойынламайман, себеби дәлийл, көрсетилген факты жоқ» деп өзиниң пикирин билдирди.

Исти үйрениў барысында, А.Отегенова, 2019-жыл 6-февральда Нөкис районы халық билимлендириў баслығының 20-к санлы буйрығы менен жумысқа қабылланып, 2019-жыл 13-ноябрьде ис бериўшинишиниң 325-к санлы буйрығы менен Озбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 181-статьясы 1-бөлими менен «сөгис» интизамий жазасына тартылған. 2020-жыл 28-май сәнесинде 134-к санлы буйрығы менен Озбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 181-статьясы 2-бөлими менен орташа ис ҳақысының 30 пайыз муғдарында жәриймаға тартылған. 2020-жыл 7-декабрьде ис бериўшиниң 246-к санлы буйрығы менен Озбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 97-статьясы 1-бәнти менен мийнет шәртнамасы бийкар етилген. Пуқаралық ислери бойынша Нөкис районлар аралық судының 2021-жыл 24-февраль сәнесиндеги бийлигине тийкар А.Отегенова 2021-жыл 23-март сәнесинде ис бериўшиниң 69-к санлы буйрығы менен өз жумысына қайта тикленген. Мүрәжатте келтирген А.Отегенованы мүрәжат ийелериниң түсиник хатларында келтирип өткениндей - басқа жерге жумысқа өтириў мәселеси бойынша исши топар қурамы ўәкиллигине кирмейтуғын болмағанлықтан, басқа жумысқа өтириў яки өзиниң ийелеп турған лаўазымында қалдырыў мәселеси ис бериўшиси Нөкис районы халық билимлендириў бөлими баслығы тәрепинен нызам шеңберинде үйренилип шығылса мақсетке муўапық болатуғынлығын билдиремиз.

Үйрениўде мүрәжат ийелеринен, мектеп ҳаял-қызлар шөлкеми баслығы А.Жиемуратова, Нөкис районы «Ақтерек» МПЖ ның ҳаял-қызлар мәселелери бойынша орынбасары Р.Есенбаевалардан, сондай-ақ мүрәжатте көрсетилген мектеп директорының оқыў ислери бойынша А.Отегеновадан алынған түсиник хатлары ҳәм иске зәрүр болған ҳүжжетлерден көширмелери алынып қосылды.

Исши топар ағзалары:

| | | |
|---|---|---|
| М.Даулбаев | ____________ | Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими бас қәнигеси |
| Б.Алланиязов | ____________ | Нөкис қалалық 23-санлы мектептиң оқыў-тәрбия ислери бойынша директор орынбасары |
| С.Алланазарова | ____________ | Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлиминиң юрисконсульт |
| Ж.Картбаев | ____________ | Кегейли районлық 9-санлы мектептиң руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша директор орынбасары |
| Ш.Балтабаев | ____________ | Нөкис районы халық билимлендириў бөлими баслығы орынбасары |